

*Jistis ak Lapè*

*Kilès ou ye ?*

*Defann diyite ak dwa moun nan non lafwa*

*Yon ti gid pou manm komisyon yo  
nan okazyon Asanble Jeneral Komisyon an  
Novanm 2008*

Komisyon Jistis ak Lapè (Jilap) se yon gwoup moun Legliz katolik mete epi mande pou ede l fè yon travay espesyal. Travay sa a se ede kretyen yo pi byen makonnen lafwa yo, lavi yo avèk mesaj levanjil la. Jistis ak Lapè se yon moso nan misyon Legliz la. Misyon sila a se travay pou renmen Bondye a gaye sou tout fas tè a, pou ede moun viv tankou frè ak sè epi mache nan chimen ki dwat.

Nan peyi d Ayiti, depi l egziste, Komisyon yo ap travay pou defann diyite ak dwa chak kretyen vivan genyen. Konsa, Komisyon Jilap se yon gwo rezo ki kouvri peyi a atravè komisyon lokal yo. Komisyon yo ap travay pou defann dwa moun genyen nan aktivite fòmasyon ak obsèvasyon, nan akonpaye viktim vyolans ak enjistis epi nan ede popilasyon an pwopoze yon chimen pou reyalize yon refòm lajistis nan peyi a. Tout sa se chimen pou tabli Lapè nan mitan sitwayen ak sitwayèn yo.

## **JILAP, KILES OU YE ?**

### **JILAP, yon enstitisyon pastoral Legliz katolik Ki temwen, nan non lafwa, renmen ak jistis Bondye a**

1. Misyon Legliz la se antre nan misyon Bondye Renmen ak Lavi a ki te vin rankontre n nan Jezi, nèg Nazarèt la. Misyon Legliz la se: fè moun vin sen (kòrèk menm jan ak Bondye) / anonse Bon nouvel Peyi Wa a / ak reyalize sèvis lacharite. Konsa, yo konn rele Legliz : pèp Bondye a ki Prèt, Pwofèt ak Wa. Jilap patisipe nan misyon Legliz sila a.
  - a. Legliz la rann pèp Bondye a sèvis, etan l defann lavi l, diyite l ak dwa l;
  - b. Sèvis sa a se yon lwanj li ye pou Bondye, li fè moun sanble ak Bondye, paske li fè moun yo viv tout diyite yo kòm pitit Bondye.
2. Jilap, kòm zouti pastoral Legliz la, fè pati nouvo konsyans Legliz la te pran sou wòl ak plas li parapò ak sosyete a pandan e apre Konsil Vatikan 2.
  - a. Nan tout listwa l, Legliz la te sansib pou pòv ak moun ki sou kote ak pou diyite yo. Se lavi Jezi menm.
  - b. Depi 1891, ak dokiman *Rerum Novarum* (Sou bagay ki tou nouvo) Legliz la, yon fason klè, rann kont reyalite yo chanje. Relasyon ant gwoup sosyal yo te chanje yon fason radikal poutèt nouvo mòd pwodiksyon ak avansman teknolojik yo te reyalize, depi yo mete faktori ak endistriyalizasyon. Yo t ap esplwate travayè yo, epi yo t ap bafwe dwa yo. Nan 20yèm syèk la genyen anpil mouvman katolik pou ede travayè yo defann tèt yo, tankou JOK (Jèn Ouvriye Kreyen), AKO (Aksyon Katolik Ouvriye), ... Nan domèn politik, yo te mete sou pye pati politik k ap defann demokrasi kreyen nan,

- ak enterè legliz nan domèn politik. Tout sa montre yon fason Legliz la te konprann reyalizasyon l genyen ak sosyete a.
- c. Konsil Vatikan 2 pote yon pi gwo chanjman toujou nan kesyon sila
    - a. Legliz la rive wè pi klè : tè a ak sosyete a genyen otonomi pa yo (yo granmoun selon pwòp règchwèt ki anndan yo). Legliz pa dwe blije sosyete a antre nan fason limenm li konprann koze a, men li dwe aji anndan sosyete a tankou yon ledven, yon disèl, yon limyè. Li dwe akonpaye sosyete a ak pèp yo nan listwa yo, ki an menm tan yon listwa sakre Bondye mache ak moun.
    - d. Ansèyman sosyal Legliz la ak diferan dokiman yo montre gwo chanjman sila a. *Espwa ak Kè kontan* (Vatikan 2), *Sou pwogrè pèp yo* (Pap Pòl 6), *Lapè sou tè a* (Pap Jan 23), montre sa aklè.
3. Sèvi Jezi nan tan n ap viv la mande pou n konprann tan an byen, pou n konprann peyi nou byen. Poutèt sa nou fè analiz tan an, nou obsève epi analize sa n wè. Jounen jodi a, pèp nou an ap viv anpil dekourajman ak demobilizasyon. Sosyete a degrennen. Peyi a pèdi dwa granmoun li nan anpil domèn, epi se kominote entènasyonal la k ap deside pou li. Pwòp lidè ak reskonsab politik yo pa pran reskonsablite yo, men y ap pito chèche enterè yo. Konsa, moun yo pa konnen ki kote yo gad. Enpinite ak koripsyon, enjistis ak dekourajman vle pote peyi a ale. Pèp nou sanble ak yon pèp ki an egzil anndan pwòp peyi pa l. Eske Bondye pa t rele l pou l vin yon gran pèp, lè l te rele l sòti nan esklavaj nan 1804 ?
  4. Sèvi Jezi nan tan n ap viv la mande pou n abiye ak menm Lespri Jezi te genyen sou li (Lik 4, 18), e pou n genyen menm mantalite ak li. Men ki sa k te mak fabrik angajman Jezi a :
    - a. Jezi te renmen Bondye Papa l, Bondye Lavi a san fay,
    - b. Jezi te renmen pèp li ak tout moun ki ladan l san fay ;
    - c. Jezi te fè chwa li: li t ap viv yon chwa preferansyel pou pòv, pou sa k sou kote, sa k viktim egoyis ak mank konsyans lòt ;

- d. Jezi rasanble, rekonsilye, pèmèt sa k sou kote rejwenn kominote a ;
  - e. Jezi respekte lavi tout moun : poutèt sa li chwazi reyalize Peyi Wa a san l pa t sèvi ak vyolans, san l pa t sèvi ak pouvwa pou kraze brize.
  - f. Jezi kanpe pou sa k kòrèk, paske Bondye se Kòrèk la ; li kanpe pou sa k verite paske Bondye se Verite ; li renmen paske Bondye se Renmen ; li defann lavi paske Bondye se Lavi.
5. « Jistis ak Lapè » se yon pwogram ak yon chimen Legliz la mete devan n.
- a. Chimen pou lapè se relasyon kòrèk nan mitan moun. Pa kab gen lapè kote moun pa respekte moun, kote yo bafwe dwa moun, sitou sa k pi piti yo.
  - b. Diyite moun genyen rapò ak libète l ak kapasite l pou l pran reskonsablite. Si l reskonsab, nan non diyite l, yon moun dwe rann kont. Travay pou lapè pa dwe kouvri enjistis, koripsyon ak enpinite.
  - c. Lapè se lavi. Lapè se bon relasyon kòrèk ak tout sa k egziste, ak lakreyasyon, ak frè ak sè yo, ni ak Bondye tou ki Mèt tout sa k egziste.
  - d. Jodi a, plis moun pran konsyans, defann lavi se travay pou lapè ak bon relasyon kòrèk nan mitan moun (jistis). Men, pa kab gen lavi, si tout sa Bondye kreye pa antre nan preyokipasyon ak travay nou. Poutèt sa, jodi a, anpil kote nan Legliz, yo pale sou « Jistis, Lapè ak Respè pou tout sa Bondye kreye ».
6. Chimen sila a se yon chimen lafwa ak konviksyon pou tout disip ak misyonè Jezi Kri. Se yon chimen pou kominote a vin pi pre Bondye, epi pou Lavi Bondye pote fwi anndan l. Jilap mache nan chimen sila a nan yon pèspektiv ekimenik, sa vle di nan yon lespri kolaborasyon ak tout kretyen e moun bon volonte.

*Defann diyite*

*ak dwa moun*

*nan non lafwa*

## JILAP, KILES OU YE ?

### JILAP, yon òganizasyon dwa moun Ak pwòp mak fabrik pa l

1. Kòm òganizasyon dwa moun, Jilap respekte tout gran prensip ki konsènen defans dwa moun. Dwa moun, se pi piti sa yon moun merite jwenn paske se moun li ye ak diyite :
  - **Tout dwa se pou tout moun : DSP (dwa sivil ak politik) ak DESK (dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl). (Se sa yo rele *universalité* dwa moun yo)**
  - **Ou pa ka separe dwa yo antre yo. Respè pou dwa moun, se respekte e fè respekte tout dwa yo. (Se sa yo rele *indivisibilité* dwa yo)**
  - **Se pa bay yo bay yon moun dwa, men fòk li kapab jwi yo, paske li se moun. (Se sa yo rele *inaliénabilité* dwa moun yo)**
2. Epoutan, Jilap genyen pwòp mak fabrik pa l. Ki sa k fè Jilap espesyal nan mitan òganizasyon k ap defann dwa moun? Jilap se yon enstitisyon pastoral Legliz katolik. Sa fè Jilap diferan. Jilap se pa yon ti gwoup moun ki asosye pou fè yon pwojè. Jilap se pa yon ONG tankou anpil lòt, paske li pa reponn ak lojik sila a. Men kèk pwèn ki make Jilap :
3. Jilap genyen yon baz ki laj :
  - a. Jilap benefisye apwi Legliz la pou tabli rezo li nan tout peyi a. Konsa, Jilap se yon rezo ki genyen pwòp baz pa li. Gras ak rezo sa a, Jilap kapab fè sa anpil lòt gwoup ak òganizasyon pa kab fè.
  - b. Feblès : pafwa komisyon yo depann ak moun Legliz ki pa konprann angajman sosyal lafwa genyen menm jan.

- c. Fòs : Jilap prezan toupatou ; li kab mobilize moun nan baz Legliz ak sosyete a.
4. Jilap pran rasin ak sous li nan ASL. Konsa, li genyen pwòp motivasyon ak esprityalite pa l.
- a. Motivasyon an touche fondman sa yon moun ye ak diyite li.
  - b. Pou Jilap, lit pou respè dwa moun, se pa yon lit legal (pou respè lalwa) ase. Sitou, se yon batay pou respè diyite moun genyen. Lalwa dwe sèvi diyite sila a. Se pa paske yon bagay legal, li respekte diyite moun.
  - c. Batay pou respè dwa moun fè pati fason n ap swiv Jezi kòm disip ak misyonè. Men, sa k dwe make yon manm Jilap se radikalite l nan jan l konprann tout egzijans ki mache ak kesyon dwa moun nan. Respè pou lavi, se respè pou lavi moun depi l kòmanse fèt nan vant manman l. Respè lavi lòt, dwe parèt tou nan jan l reflechi sou lame ak kesyon zam, lagè, sekirite, represyon, el. Paske l respekte lavi, l ap chwazi metòd ki pa genyen vyolans ladan l pou rezoud konfli. Paske l respekte diyite moun, l ap voye jete enpinite ak koripsyon.
  - d. Manm Jilap yo dwe sansib pou sa k sou kote yo, sa k pa gen mwayen, sa k pa gen moun k ap defann yo. Se sansiblite Jezi a menm nou pote nan nou.
5. Jilap genyen vizyon pa l sou sa dwa moun vle di.
- a. Pou anpil defansè dwa moun, se Leta ki vyole dwa moun, paske se li k genyen responsablite legal pou respekte e fè respekte yo. Pou Jilap, chak moun kapab vyole diyite ak dwa lòt yo. Sèlman, nou dwe byen konprann ki responsablite chak moun ak chak enstans (tankou Leta) genyen nan respekte e fè respekte dwa moun yo.
  - b. Tout kesyon ki poze sou latè genyen relasyon ak fason moun wè moun, ak fason moun konprann sa l ye li menm. Fason n pwodui byen ak richès ki nesèsè pou viv, fason n fè politik e òganize



sosyete n, fason n sèvi ak byen latè yo, fason n gade lakreyasyon : plant yo ak bèt yo, fason n gade pwòp tèt nou ak kilti nou. Tout sa genyen relasyon ak fason n konprann diyite moun nan.

- c. Konsa tou, Jilap mete anpil aksyon sou devwa chak moun genyen, pa sèlman parapò ak Leta – ki dwe yon garanti dwa moun nan sosyete a – men tou, parapò ak chak moun limenm li dwe respekte tèt li. Chak moun reskonsab tout lòt yo.
  - d. Respè pou dwa moun mache ak yon sosyete ki gen demokrasi, patisipasyon ak bon jan tolerans ladan l, se yon eta dedwa kote tout moun egalego devan lalwa.
6. Jilap genyen metòd pa l nan defans dwa moun nan.
- a. Jilap fè apèl ak konsyans moun, an premye lye, konsyans pwòp manm li yo.
  - b. Jilap ede moun pran reskonsablite ak tout konesans ak tout libète yo genyen. Se sa « moun » vle di : se kapasite n pou pran reskonsablite e aji ak libète.
  - c. Jilap devlope aktivite ak pwogram limenm fè e ki nesèsè nan kondisyon peyi a ye jounen jodi a. Li pa chèche reyalize pwojè lòt oganizasyon mete devan l pou yon ti bout tan. Konsa, Jilap vle rete mèt pwòp aksyon pa l. Apwòch sa a mande anpil konviksyon ak detèminasyon. Se yon chimen ki genyen avni pou vrè liberasyon pèp nou.
  - d. Jilap fè apèl ak sans jenewozite manm li yo. Manm Jilap yo se volontè yo ye, ki yon fason benevòl bay yon moso tan pou frè ak sè yo ki nan pwoblèm. Se angajman dezenterese sila a ki fòs chanjman nan yon peyi.
  - e. Pou Jilap, batay dwa moun se yon angajman pastoral; li fè pati angajman yon kretyen pou fè tèt a tounen yon moso Peyi Wa a.
  - f. Jilap bay fòmasyon pèmanan manm li yo anpil enpòtans. Chak aktivite nou deside ansanm, dwe pèmèt nou wè pi klè, nou vin pi konpetan, epi motivasyon nou vin pi solid. Nan tout reyalite lavi moun, genyen yon dimansyon « dwa moun » ladan l. Pa genyen anyen yon moun kab fè ki pa gen relasyon ak « diyite l ».

**Nan ki sa Komisyon an angaje tèt li,  
Epi ki sa l vle rive atenn ak aktivite sila a ?**

**Men gwo aks travay Jilap deside pou lane 2008 rive 2010**

|  |  |
|--|--|
| <b>Obsèvasyon vyolans, vyolasyon dwa mopun ak gwo enjistis</b> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Chak sitwayen/yèn dwe pran konsyans jan sosyete a ye.</li> <li>• Chak manm Jilap dwe aprann gade, konprann, analize reyalite peyi a, epi pwodwi rapò.</li> <li>• Jilap, nan chak nivo, dwe kapab patisipe nan deba piblik pou reyalize chanjman apati pwòp obsèvasyon manm yo reyalize.</li> <li>• Jilap, nan chak nivo, dwe konnen fason laprès akeyi ak reyaji sou reyalite dwa moun nan peyi a.</li> </ul> |
| <b>Fòmasyon sou diyite ak dwa moun</b>                         | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tout manm Jilap, gason kou fi, dwe byen konprann sa defann dwa moun vle di, ki vizyon ak ki misyon Jilap genyen.</li> <li>• Tout manm dwe kontinye fòme tèt yo. Chak manm dwe tounen yon fòmateur pou lòt nan kominote li, epi fòmasyon yo dwe rann li konpetan nan defans dwa moun.</li> <li>• Jilap, nan tout nivo, dwe ranmase zafè fòmasyon an pou l tounen zafè pa yo.</li> </ul>                        |
| <b>Ranfòse tèt li ak prezans Komisyon an</b>                   | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Nan chak pawas dwe genyen yon komisyon Jilap ki byen estriktire. Yo tout ansanm fòme yon rezo efikas pou defann diyite lòt yo.</li> <li>• Komisyon lokal yo patisipe yon fason aktif ak konpetans nan tout aktivite Komisyon an.</li> <li>• Yo kreye bon relasyon ak tout moun bon volonte nan sosyete a.</li> </ul>  |

|   |  |
|---|--|
| <b>Fòmasyon pou Bati lapè, oswa transfòmasyon konfli san gwo ponyèt</b> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Komisyon yo tounen ajan aktif pou ede kominote yo regle pwoblèm yo san gwo ponyèt.</li> <li>• Yo kreye bon relasyon ak lòt asosyasyon epi ak lòt relijyon tou.</li> <li>• Yo pataje rezilta travay yo ak eksperyans yo ak lòt enstans Jilap yo.</li> </ul>                                  |
| <b>Akonpaye viktim ki adrese Komisyon an</b>                            | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Komisyon yo, nan chak nivo, dwe genyen konpetans pou akeyi e akonpaye moun ki viktim vyolans, vyolasyon dwa moun ak gwo enjistis: yo akonpanye yo ak prezans yo, kòm konseye, oswa nan denonse.</li> </ul>  |
| <b>Travay pou yon bon jan refòm lajistis nan peyi a</b>                 | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Komisyon yo, nan chak nivo, dwe ede sosyete a konprann sa refòm lajistis vle di, yo kreye espas pou pèmèt moun yo bay lide yo.</li> <li>• Komisyon yo tounen yon fòs pou fè otorite yo pran responsablite yo, selon jan popilasyon an wè l, pou chanje mòd jistis nou genyen an.</li> </ul> |

Komisyon an manm nan diferan rezo ak platfòm:

1. POHDH, Platfòm Oganizasyon Ayisyen Dwa Moun
2. GARR, Gwoup k ap Apiye Rapatriye ak Refijye
3. Fowòm Sitwayen pou Refòm Lajistis

Nan nivo entènasyonal

Pax Christi International, yon Mouvmman katolik entènasyonal pou Lapè

## Fondman Komisyon an, Se komisyon pawasyal yo

Komisyon Jistis ak Lapè nan yon pawas se yon gwoup moun Legliz katolik chwazi pou mande yo ede fè yon travay espesyal. Travay sa a se ede kretyen yo pi byen makonnen lafwa yo, lavi yo avèk mesaj levanjil la. Jistis ak lapè se yon moso nan misyon Legliz la. Misyon sila a se travay pou renmen Bondye a gaye sou tout fas tè a, pou ede moun viv tankou frè ak sè epi mache nan chimen ki dwat.

### *Peyi kote Bondye Wa a se Jistis, Kè poze ak Kè kontan Lespri Sen an bay*

(Apot Pòl nan lèt Wòm 14, 17)

Fòs Jilap se komisyon pawas yo. Jilap dwe genyen yon baz ki solid pou travay toutbon anfavè Jistis ak Lapè nan peyi a. Travay pou tabli lapè, pou gen jistis epi pou kreye relasyon ki korèk nan mitan moun, dwe fèt anndan kominote yo kote moun yo ap viv. Se travay kominote yo menm li ye. Komisyon Jilap yo la pou fè Legliz la ak fidèl yo, ak tout moun bòn volonte sonje l, epi pou kore travay sila a.

Konsa, travay pou ranfòse baz Jilap la, pou fè komisyon pawasyal yo vin djanm toujou dwe fèt.

Se ak tout konviksyon lafwa yo, kòm sitwayen konsyan manm komisyon yo bay kèk èdtan chak semèn pou defann frè ak sè yo.

Deja anvan komisyon dyosezen yo te egziste, te genyen plizyè komisyon pawasyal ki t ap fè yon gwo travay, toupatou nan peyi a. Yo pa t anpil

tankou jodi a, men yo t ap fè yon bèl travay. Nou pale sou plizyè komisyon pawasyal nan dyosèz Gonayiv tankou Verèt ak Dezam. Nou sonje kèk pawas nan Nòdwès tankou Chansòl. Te genyen plizyè pawas nan zòn Jeremi ak nan Wo Plato Santral.

### **Ki objektif yon Komisyon pawasyal?**

#### Objektif jeneral

Pèmèt fidèl yo nan pawas la mare konviksyon lafwa yo ak yon angajman konsekan pou defann diyite ak dwa moun.

Travay pou jistis ak lapè blayi nan kominote lokal la, epi bay konkou yo pou sa k kòrèk nan tout peyi a.

#### Objektif espesyal yo

- Ede fidèl yo konprann angajman pou jistis ak lapè kòm yon angajman pastoral Legliz la. Devlope yon motivasyon pwofon lakay tout kretyen ki mare konviksyon lafwa yo ak yon batay konsekan pou diyite moun.
- Ede kretyen ak batize yo konprann pi byen pawòl Levanjil la ak Legliz la (sa n rele Ansèyman Sosyal Legliz la) sou fason moun dwe viv nan sosyete a.
- Ede moun rekonsilye youn ak lòt lè gen pwoblèm nan kominote yo.
- Kore epi apiye tout kalite moun ki viktim abi ak enjistis.
- Devlope konsyans tout moun sou dwa ak devwa yon kretyen vivan genyen atravè bon fòmasyon ak pwogram edikasyon sivik.
- Ede moun nan kominote a defann diyite yo kòm moun ak tout dwa yo genyen: gras ak fòmasyon, obsèvasyon, asistans jiridik, denonse, ak tout lòt aktivite ki kab ede moun nan sa.
- Kenbe kontak ak komisyon dyosezen an pou kreye yon rezo efikas ki ede pèp Ayisyen an chanje kondisyon lavi li.

### Pwofil yon komisyon Jilap pawasyal

|   |   |
|---|---|
| <p>Konbyen manm yon Komisyon dwe genyen pou pi piti ?</p> | <p>Pou pi piti yon Komisyon lokal dwe genyen 10 manm ladan l. Men pa gen limit.<br/>Yon Komisyon kapab konpoze ak sou gwoup nan chapèl ak bitasyon yo.</p>  |
| <p>Chak konbyen tan pou pi piti li dwe reyini?</p>        | <p>Pou pi piti, manm yo dwe reyini yon fwa chak mwa, epi chak lè genyen yon ijans ki mande sa.</p>  |
| <p>Kilès ki kapab manm yon komisyon lokal Jilap ?</p>     | <p>Tout moun ki vle travay pou yon lòt sosyete kapab manm Jilap.<br/>Manm yo pa dwe jwe yon wòl aktif nan yon fonksyon politik Leta a, ki genyen lit pou pouvwa a ladan l.<br/>Reskonsab yo nan yon Komisyon dwe konpetan e devwe. Kòm ògàn pastoral sosyal Legliz la, reskonsab sa yo dwe moun Legliz.<br/>Anndan Komisyon an, yon sèl manm pa dwe kenbe tout pouvwa ak reskonsablite nan men l.</p> |
| <p>Ki fòmasyon pou l te swiv?</p>                         | <p>Yon Komisyon lokal dwe chèche konprann byen :<br/>Idantite l genyen kòm komisyon Jilap nan yon pawas ;<br/>Deklarasyon Inivèsèl Dwa moun ak Konstitisyon peyi d Ayiti ;<br/>Prensip ki nan baz Ansèyman Sosyal legliz la.<br/>Li pa dwe bliye : travay fòmasyon se yon bagay ki pa janm fini.</p>  |
| <p>Ki relasyon li dwe genyen ak pawas la?</p>             | <p>Komisyon lokal la fè pati nèt kominote Legliz nan pawas la.<br/>Li genyen yon kominikasyon ouvè ak lòt fidèl yo.<br/>Li kreye bon relasyon ak divès lòt gwoup ki nan Legliz la ak nan sosyete a.<br/>Li kreye bon relasyon ak fidèl nan lòt legliz yo</p>  |

|   |  |
|---|--|
|   | ak divès lòt asosyasyon nan kominote a, pou fè pwomosyon diyite ak dwa moun vanse.   |
| Ki kalite travay Komisyon lokal la fè?                                      | <p>Yon Komisyon lokal Jistis ak Lapè dwe :</p> <p>Fè obsèvasyon gwo zak ak sityasyon vyolans nan sosyete a, tankou jistis popilè ;</p> <p>Fè obsèvasyon respè dwa moun nan gadavi.</p> <p>Li chèche konnen gwo enjistis popilasyon an ap sibi nan zòn nan.</p> <p>Selon sikonstans, li kapab denonse divès sityasyon enjistis, vyolans ak vyolasyon dwa moun sa yo.</p> <p>Yon Komisyon lokal ap patisipe nan tout aktivite Jistis ak Lapè nan dyosèz la ak nan peyi a angaje ladan l: tankou Fowòm sitwayen, kanpay pou dokimantasyon sitwayen yo, edikasyon sivik, el.</p> <p>Nan zòn fwontyè a, komisyon yo dwe enterese nan koze migrasyon an.</p> |
| Ki apui l ap pote bay moun ki viktim yo ? Ki lòt sèvis li rann kominote a ? | <p>Yon Komisyon Jistis ak Lapè sansib yon fason espesyal pou tout moun ki viktim, sitou sa k pòv, sou kote e ki pa gen mwayen pou defann tèt li.</p> <p>Travay komisyon an se kore tout moun ki viktim enjistis ak zak vyolans ;</p> <p>Komisyon yo ap fè pwomosyon dwa moun ak dyalòg nan mitan moun ;</p> <p>L ap ofri sèvis li pou fè medyasyon epi pou rekonsilye moun youn ak lòt selon sa k kòrèk.</p>   |

**Nou chak nou se manm Jistis ak Lapè.**

**Misyon Komisyon Jistis ak Lapè se misyon tout Legliz la.  
Konviksyon Komisyon pawasyal la dwe detenn  
sou tout kominote pawasyal la.**

**Nou patisipe nan misyon Jistis ak Lapè,  
paske nou pataje mesaj, lide, vizyon ak konviksyon Jilap yo  
nan gwoup ak òganizayon kote nou manm, ni ak tout lòt moun.**

**Chak moun bon volonte kapab patisipe nan diferan aktivite yo,  
epi mete konpetans ak konviksyon li nan sèvis frè ak sè yo,  
pou defann diyite ak dwa yo.**

**Nimewo espesyal *Bilten Jilap*  
Pòtoprens, novanm 2008**

*Nan okazyon Asanble Jeneral novanm 2008, sou tèm : Jilap, kilès ou ye ?  
Defann diyite ak dwa moun nan non lafwa.  
Dosye : P. Jan Hanssens ak sekretarya nasyonal Jilap.*



Piblikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finansye MISEREOR / La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR  
10.000 copies.